

## BAB V

### KACINDEKN JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Sakumaha anu geus disebutkeun dina rumusan masalah, ieu panalungtikan téh boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun interférénsi fonologis, morfologis jeung léksikal basa Indonésia kana basa Sunda dina otobiografi siswa kelas VII G SMP Pasundan 4 Bandung. Dumasar kana hasil analisis jeung deskripsi data, ieu panalungtikan bisa dincidekkeun ieu di handap.

- a. Interférénsi fonologis basa Indonésia kana basa Sunda kapanggih aya salapan kecap (10.00%). Éta interférénsi téh bisa dincidekkeun jadi lima pola, nya éta:
  - a. Pola 1 IF : Nambahan foném konsonan, aya dua kecap (02.22%).
  - b. Pola 2 IF : Nambahan Engang Wangun KV, aya sakecap (01.11%).
  - c. Pola 3 IF : Ngaganti Foném vocal, aya opat kecap (04.44%).
  - d. Pola 4 IF : Ngaganti Foném V jeung Ngurangan K, aya sakecap (01.11%).
  - e. Pola 5 IF : Ngaganti Foném V jeung Nambahan K, aya sakecap (01.11%).
- b. Interférénsi morfologis basa Indonésia kana basa Sunda disawang tina widang morfologis kapanggih aya 50 kecap (55.56%). Disawang tina wanda kecapna, interférénsi morfologis bisa dibédakeun jadi tilu wanda, nya éta:
  - 1) Interférénsi morfologis wanda kecap rundayan kapanggih 39 kecap (43.33%), anu nyoko kana opat pola, nya éta:
    - a) Pola 1 IMr : Rarangén BI + KA BS ({ber-}, {men-}, {ke--an}), aya tilu kecap (03.33%).
    - b) Pola 2 IMr : Rarangén BI + KA BI ({ber-}, {di-}, {me-},

- {meng-}, {pe-}, {-an}, {di--i}, {ke--an}, {me--kan}, {pe--an}, {per--an}), aya dua puluh hiji kecap (23.33%)
- c) Pola 3 IMr : Rarangkén BS + KA BI ({ka-}, {m(a)-}, {ng(a)-}, {ny(a)-}, {-ar-}, {-an}, {di--keun}), aya sapuluh kecap (11.11%)
- d) Pola 4 IMr : Rarangkén BS -- BI + KA BI ({pe--na}, {ng(a)- + -i}, {pang- + me- + -na}), aya opat kecap (04.44%)
- 2) Interférénsi morfologis wanda kecap rajékan kapanggih tilu kecap (03.33%), anu nyoko kana 2 pola, nya éta:
- a) Pola interférénsi rajékan dwimurni tan rarangkén, kapanggih aya dua kecap (02.22%)
- b) Pola interférénsi rajékan dwimurni binarung rarangkén, kapanggih aya sakecap (01.11%)
- 3) Interférénsi Morfologis wanda Kecap Kantétan kapanggih dalapan kecap (08.89%), anu nyoko kana 2 pola, nya éta:
- a) Pola interférénsi rajékan dwimurni tan rarangkén, kapanggih aya genep kecap (06.67%)
- b) Pola interférénsi rajékan dwimurni binarung rarangkén, kapanggih aya dua kecap (02.22%)
- c. Interférénsi léksikal basa Indonésia kana basa Sunda kapanggih aya 31 kecap (34.44%), anu nyoko kana genep pola, nya éta:
- a. Pola Kecap Barang (nomina), kapanggih aya tujuh kecap (07.78%)
- b. Pola Kecap Sulur (pronominal), kapanggih aya dua kecap (02.22%)
- c. Pola Kecap Pagawéan (vérba), kapanggih aya lima kecap (05.56%)
- d. Pola Kecap Sipat (adjéktif), kapanggih aya dalapan kecap (08.89%)
- e. Pola Kecap Bilangan (numerial), kapanggih aya sakecap (01.11%)
- f. Pola Kecap Pancén (partikel), kapanggih aya dalapan kecap (08.89%)

## 5.2 Saran

Ieu panalungtikan ngan saukur museur kana interférénsi fonologis, morfologis jeung léksikalna wungkul dina karangan biografi pribadi (otobiografi) siswa kelas VII G SMP Pasundan 4 Bandung. Ku kituna, perlu dilakukeun panalungtikan nu leuwih lega ngeunaan iterférensi basa, sabab ngukur interférénsi basa téh lain saukur tina widang fonologis, morfologis jeung léksikalna wungkul, tapi kudu gembleng boh dina widang sintaksisna, boh dina widang semantikna, leuwih alus nepi ka widang grafologina.

Ku lantaran makéna basa Sunda siswa dina komunikasi boh lisan boh tulisan masih kénéh loba kapangaruhan ku basa Indonésia, komo deui kaayaan siswa di lingkungan kota samodél di daérah Bandung anu jadi puseur Jawa Barat. Hadéna mah diayakeun kagiatan anu leuwih museur kana kaparigelan ngagunakeun basa Sunda siswa sangkan kandaga kecap siswa leuwih loba deui.